***Оразымбетова Айшолпан Муратбай қызы***
***Лауреат Государственной премии имени Зульфии (молодой исследователь).***
***Республика Узбекистан, г. Нукус***

# РОЛЬ НАДЖИМА ДАВКАРАЕВА В СТАНОВЛЕНИИ И РАЗВИТИИ КАРАКАЛПАКСКОГО ФОЛЬКЛОРА

*Аннотация:* В статье анализируется роль Наджима Давкараева в становлении и развитии каракалпакского фольклора.

*Ключевые слова:* Фольклор, фольклористика, литература, искусство, монография.

***Orazimbetova Aysholpan Muratbay qizi***
***Winner of the State Prize named after Zulfiya (young researcher)***
***Republic of Uzbekistan, Nukus***

# THE ROLE OF NAJIM DAWKARAEV IN THE FORMATION AND DEVELOPMENT OF KARAKALPAK FOLKLORE

*Annotation:* This article analyzes the role of Najim Dawkaraev in the formation and development of Karakalpak folklore.

*Keywords:* Folklore,folkloristics, literature, belles-lettes, monograph.

Фольклор – (англичан сөзи халық даналығы) – халықтың аўыз еки түрде дөреткен көркем сөз өнери. «Фольклор» термини дүнья халықларының көпшилигинде қабыл етилген, оны гейде «халық аўыз еки дөретпеси» депте айтады. Фольклористика – фольклорды изертлейтуғын илим.[1]

[1] Низаматдинов.Ж.М «Қарақалпақ фольклористикасы» лекция текстлери НӨКИС 2007-ж. 2-б

Фольклор ҳәм әдебияттың өз-ара байланысы проблемасы ҳәзирги әдебияттаныў илиминиң ең ири илимий ҳәм практикалық жақтан әҳмийетли мәселелериниң бири болып табылады. Фольклор ҳәм әдебият узақ ўақытлардан бери бирин-бири байытып раўажландырып келген. Олардың өз-ара байланысының ҳәр қыйлы дәўирде ҳәр қыйлыша болғанлығы, ҳәр бир жазыўшы, шайыр бул мәселелерге ҳәр қыйлы қарағанлығында.

Қарақалпақ фольклорының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында Нәжим Дәўқараевтың қосқан үлеси оғада үлкен.

Қарақалпақстандағы биринши илим докторы Нәжим (Нәжиматдийин Саатдийин улы) Дәўқараев 1905 – жылы бурынғы Хийўа ханлығы Қоңырат беклигиниң Соркөл елатында (ҳәзирги Мойнақ районы Мойнақ хожалығы) халық миллий байлықларын қәдирлейтуғын белгили қурғын шаңарақта дүньяға келди.

Нәжим Дәўқараев 1951-жылы Москвада Шығысты изертлеўлиң илимий кеңесинде «Қарақалпақ әдебиятының очерклери» атлы докторлық диссертация жумысын жақлады. Сол докторлық диссертациясы үш үлкен бөлимнен туратуғын еди. Биринши бөлим Қарақалпақ халық аўыз еки дөретпелери, екинши бөлими ревоюцияға шекемги қарақалпақ әдбияты, үшинши бөлими қарақалпак совет әдебияты. [2]

Н.Дәўқараевтың диссертаци жумысының фольклорға арналған бөлиминде фольклордың қарақалпақ материаллары тийкарында қосықларға, дәстүр жырларына, толғаўлаға «Алпамыс», «Қоблан», «Қырық қыз»ға уқсаған дәсталарға биринши илимий талқылаў берди. Солай етип Н.Дәўқараев қарақалпақ фольклористикасының тырнақ тасын салды.

Нәжим Дәўқараев әдебият ҳәм көркем-өнердиң миллеттиң тәғдириндеги үлкен әҳмийетин түсинип, оның алтын мийрасларын изертлеп, биринши рет халықтың хызметине қойды. Ол уллы алым,

[2] Пархатдинов.Ю «Қарақалпақ фольклоры» лекция текстлери НӨКИС 2007-ж. 6-б

жазыўшы ҳәм драматург, Қарақалпақстанда филология илиминиң тийкарын салыўшы инсан болып есапланады. Оның дәслепки шығармалары жигирмаланшы жыллардың ақырында жазылды. Студентлик дәўиринде жазған «Көп күнлердиң бири» атлы гүррińи 1929-жылы Алма-Ата қаласындағы «Жаңа мектеп» журналында басылып шықты. Оның «Интернатта», Партизанлар, «Тойға барғанда», «Бағман», «Бийбихан», «Өлимди писент етпеўшилер» усаған көлемли шығармалары қарақалпақ әдебиятында жаңа жанрдың қәлиплесиўи ушын үлкен әҳмийетке ийе болды.[3]

Сондай-ақ ол «Алпамыс» драмасы арқалы қарақалпақ әдебияты ҳәм көркем-өнериниң раўажланыўына салмақлы үлес қосты. Бердақтың дөретиўшилигин изертледи. Дүнья жүзилик әдебият үлгилеринен А.С. Пушкинниң «Капитан қызы», «Ғарғаның гүлдәстеси», Н.А. Некрасовтың «Темир жол», Л.Н.Толстойдың «Кавказ тутқыны», А.П.Чеховтың «Каштанка», «Ванка», В.М. Гаршинниң «Саяхатшы қурбақа», К.М.Симоновтың «Рус адамлары», В.Гюгоның «Гаврош» шығармаларын жоқары көркемлик дәрежеде ана тилимизге аўдарып, китап оқыўшыларына ылайықлы саўға қылды. Өзбек тилинен Алишер Наўайының «Фарход ҳәм Шийрин» дәстанын аўдарыўға қатнасты. Дилмаштың бул мийнетлери ҳәзирги күнге шекем өзиниң қунын жоғалтқан жоқ. Өткен әсирдиң 30-жылларында қарақалпақ тили ҳәм әдебиятының ҳәр тәреплеме изертлениўинде жәрдемлескен көплеген туўысқан халықлар алымлары бар еди, олардан Н.А.Баскаков, С.Малов, Е.Д.Поливанов, Ғ.Алфаров ҳәм басқаларды атап өтиўге болады. Аты аталған алымлардан айрықша профессор Н.А.Баскаковтың қарақалпақ филологиясының ҳәзирги күнги дәрежесине келиўинде салмақлы үлеси барлығын ҳеш ким бийкарлай алмайды. Нәжим Дәўқараев усындай

[3] Қарақалпақстан Республикасы Малимлеме – китапхана орайы. «Қарақалпақ халқының биринши илим докторы» НӨКИС 2018-ж. 5-б

көрнекли әдебиятшы, тилши, тарийхшы алымлар менен де тығыз қатнасып, қарақалпақ әдебияттаныў илими, фольклоры бойынша пикирлесип, хатлар алысып турды. Н.А. Баскаков Н. Дәўқараевтың «Қарақалпақ әдебиятының тарийхы бойынша очерклер» атамасындағы монографиясына әдил баҳа берди. Атақлы түрколог өзиниң түркологияның әҳмийетли мәселелери, сондай – ақ қарақалпақ әдебиятына арналған мийнетлеринде Н.Дәўқараевтың изертлеўлерине айрықша баҳа берди, олар арасындағы илимий ҳәм дослық байланыслар узақ жыллар даўам етти.

Нәжим Дәўқараев биринши рет қарақалпақ дәстанларының идеялық мазмунына, атқарылыўына қарап жанрлық жақтан айырды, дәстанлардың дөрелиў тарийхына тоқтады. Қарақалпақ халқының «Алпамыс», «Қырық қыз», «Қоблан» сыяқлы дәстанларын салыстырмалы-тарийхый, әдебий-тарийхый жақтан изертлеў жумысын жүргизди. «Алпамыс», «Қоблан» дәстанларының басқа халықлардағы вариантлары менен биринши рет салыстырып изертледи ҳәм қарақалпақ версиясының өзгешелигин көрсетти. Ал «Қырық қыз» дәстанының басқа халықларда версиясы жоқ, тек қарақалпақларда бар дәстан екенлигине тоқтады, оның әййемги матриархат дәўиринен, әййемги Окс жағасындағы ҳаяллар патшалығынан мағлыўмат беретуғын дәстан екенлигине айрықша тоқтап өтти.

Н.Дәўқараевтың қарақалпақ фольклоры жөниндеги мийнетлери бизиң фольклортаныў илимимиздиң тарийхын, теориясын ашып берген бүгинги күни әҳмийети күшли мийнетлерден есапланады.

Қарақалпақ халқының ҳадал перзенти, уллы илимпаз, жәмийетлик ғайраткер, талантлы жазыўшы, әдиўли устаз Нәжим Дәўқараев 1953-жылы 20-июльде 48 жасында тосаттан қайтыс болды. Ол өз шәкиртлерине илимпаз болыўдың, устаз болыўдың, өз халқын қалай сүйиўдиң үлгисин берип кетти. Өз халқына ҳеш гөнермейтуғын байлық өзиниң әдебий, илимий мийнетлерин таслап кетти. Оның мийнетлери әдебияттаныў,

фольклортаныў бойынша изертлеўлерде бүгинги жас илимпазлар ушын жол көрсетиўши жулдыз сыяқлы қәдирли болып, олар илимий жумысларды Нәжим Дәўқараевтың мийнетлериндеги пикирине сүйене отырып алып барады. Оның дөретиўшилиги мектеп, жоқары оқыў орынларының сабақлықларында өз орнын алған. Илимпаздың дөретпелери, оның хызмети, мийнетлери халқымыздың байлығы, бизиң миллий руўхый байлығымыз. Нәжим Дәўқараев баслаған Қарақалпақстан илиминиң кәрўаны узақ жолға, бийик шыңға қарай өз мәнзилине бармақта.

## Использованная литература


1. Низаматдинов.Ж.М «Қарақалпақ фольклористикасы» лекция текстлери НӨКИС 2007-ж. 2-б
2. Пархатдинов.Ю «Қарақалпақ фольклоры» лекция текстлери НӨКИС 2007-ж. 6-б
3. Қарақалпақстан Республикасы Малимлеме – китапхана орайы. «Қарақалпақ халқының биринши илим докторы» НӨКИС 2018-ж. 5-б